



Zouti entèvansyon Oreille Attentive yo Gid nimewo 2

An nou aprann viv ansanm. Gid animasyon pou
akonpayman sikososyal avèk sik-akwobat

Irdèle Lubin, PhD - Marie-Laurence Poiré



« Oreille attentive » Ap koute koup ak fanmi

Rechèch, aksyon, fòmasyon

Piblikasyon sa a resevwa soutyen « Ministère des Relations internationales et de la Francophonie du Québec » epi « Équipe de recherche et d'action en santé mentale et culture (ÉRASME), Université de Montréal »

Konsepsyon : Irdèle Lubin, PhD, travayèz sosyal ki fonde « Oreille attentive »

Redaksyon : Irdèle Lubin ak Marie-Laurence Poiré, PhD, Pwofesè nan « École de travail social de l'Université de Montréal »

Tradiksyon franse – kreyòl ayisyen : Bergman Fleury

Konsepsyon grafik : Leslie Plumb, Centre InterActions

© Oreille attentive, ERASME, 2026.

Plan dokiman an

2 MO NAN PAPÒT LA.....	3
1. PREZANTASYON ATELYE AKONPAYMAN SIKOSOSYAL YO AVÈK SIK-AKWOBAT LA ...	5
Objektif atelye yo	5
Pou ki moun atelye yo fèt?	6
Gwosè gwoup la	6
Moun ki kapab anime atelye yo?	6
Yon espas fizik ki adapte selon reyalyte ak kontèks aktyèl peyi a epi ki konvnyab pou atelye sik-akwobat yo	6
Materyèl pou sik-akwobat	6
Dire ak repetisyon atelye yo	7
Antant sou kondisyon pou nou viv ansanm pandan atelye yo	7
Kèk eleman moralite	7
2. ETAP YO AK DEWOULMAN CHAK RANKONT ATELYE	9
Etap 1. Premye wonn echanj yo	9
Etap 2. Rechofman	9
Etap 3. Jwèt.....	9
Etap 4. Manyen materyèl la epi akwobasi ak kreyasyon	10
Etap 5. Dènye wonn echanj yo	10
Etap 6. Benyen oubyen fè twalèt	10
Etap 7. Goute a	11
3. ZOUTI SWIVI YO NAN DEMACH GWOUPE LA EPI CHEMINMAN CHAK JÈN	12
Rankont yo nan ekip akonpayman an	12
Kaye nòt ekip akonpayman an.....	12
Dosye chak patisipan (f/g)	12
4. ESPEKTAK FINAL LA : PREPARASYON AN EPI EVÈNMAN AN.....	13
5. AKTIVITE ATIZANAL FABRIKASYON MATERYÈL SIK-AKWOBAT	14
ANÈKS.....	15
FÒMILÈ NIMEWO 1	15
FÒMILÈ NIMEWO 2.....	16

An nou aprann viv ansanm¹

Gid animasyon atelye pou akonpayman sikososyal avèk sik-akwobat

2 mo nan papòt la

Se vre, espektak sik-akwobat òganize pa nan tradisyon kiltirèl Ayiti yo, men, li vin vizib epi vivan nan peyi a avèk devlopman li, apati kèk bèlte lokal epi dekouvèt kapasite li yo. Patikilyèman, fè dekouvèt *sik-akwobat sosyal la* epi metodoloji entèvansyon avèk sik-akwobat la louvri kèk pèspektiv. Sa favorize yon fòm entèvansyon ki kapab ede jèn yo ki ap lite avèk gwo danje kèk sitiyasyon (lavi nan lari, neglijans, vyolans...).

Se depi kòmansman ane 2000 yo gwoup Rechèch aksyon ak fòmasyon-RAF – RAF² nan Pòtoprens, *dabò avèk sipò patnè basyonan tankou PAPDA epi entènasyonal tankou « Cirque du Monde »*, kreye yon pwogram sik-akwobat sosyal. Se te pou jèn yo, apati de (2) kondisyon esansyèl: jèn fi kou gason ki gen anpil difikilte ak lavi a epi ki renmen sik-akwobat. Pwogram sa a vin tounen « *Cirque d'Haïti* ». Ti kras pa ti kras, apre yon premye peryòd fòmasyon avèk enstriktè lòt peyi, « *Cirque d'Haïti* » te ka genyen kèk monitè lokal pou sik-akwobat sosyal. An jeneral, sik-akwobat sosyal la pa tèlman sèvi avèk pèsonej kloun oubyen avèk bèt yo. Li dabò plis travay pou devlope dirèkteman fizik kò a, mouvman an, tèt-ansanm ak solidarite.

Sou plan entèvansyon an, pwogram sik-akwobat sosyal la gwoup RAF la kreye an Ayiti chita sou eleman sa yo³ :

- Jèn patisipan yo nan aktivite sik-akwobat yo se fi kou gason ki pèsoneyman aktè yomenm;
- Objektif akonpayman an se ede jèn yo avanse;
- Akonpayman an kòmanse avèk jèn lan ak volonte pou li kontinye nan pwogram lan. Akonpayman an vle fleksib epi elastik; sa vle di li adapte dapre kondisyon jèn patisipan yo.
- Devlopman chak moun, ranfòsman tavay ekip la epi responsabilite sitwayen, yo santral nan akonpayman an;

¹ Se non yon kan pou gran vakans -ete sik-akwobat sosyal ki te kreye nan Potoprens ki enspire nou.

² Se Irdèle Lubin, travayèz sosyal, ak plizyè lòt pwofesyonèl ki te fonde gwoup sa a nan lane 2007

³ Fòmasyon eleman baz sa yo soti nan : Lubin, I. (2015) Jeunes en difficulté, réinsertion sociale, lutte de place; où en sommes-nous avec le programme de cirque social en Haïti? *Cahiers du CEPODE*, no 5, pp. 155-177.

- Sik-akwobat la limenm pa vrèman yon finalite, men, se yon mwayen ki konsidere tankou yon tranplen. Akonpayman an pa ankouraje konpetisyon ant jèn yo nan gwoup la.
- Sik-akwobat sosyal la kreye yon espas patisipasyon kote chak moun kapab anbake pèsonèlman nan aktivite a.

1. Prezantasyon atelye akonpayman sikososyal yo avèk sik-akwobat la

Atelye akonpayman sikososyal yo avèk sik-akwobat la aplike yon metodoloji entèkansyon ki fleksib. Se yon metòd ki alafwa endividyèl epi kolektif, pou pèmèt travay nan diferan nivo avèk jèn patisipan yo.

Objektif atelye yo

Atelye yo vize diferan objektif, prensipalman sikososyal. Pou jèn patisipan yo, sa ki vize se:

- Favorize epi ankouraje aprantisaj travay kolektif;
- Favoize devlopman: 1- santiman yo se manm yon gwoup, 2- epi kèk konpòtman sosyal responsab;
- Devlope estim (fyète) pèsònèl, konfyans pèsònèl epi konfyans nan lòt moun;
- Estimile dekouvèt kèk plezi konstiktif epi kanalize enèji yo pou kèk aktivite pozitif;
- Estimile kreyativite ;
- Favorize devlopman pèsèverans epi konsantrasyon ;
- Dekouvri epi devlope kapasite fizik yo (fleksibilite, fòs, ajilite, eks..) ;
- Akonpaye yo nan aprantisaj kèk teknik sik-akwobat yo.
- Plis ankò, ajoute sou premye objektif yo, atelye yo vle kontribye tou pou:
- Akonpaye jèn yo pou pran plas yo epi fè rekonèt valè yo kòm manm toutbonvre nan sosyete ayisyen an ;
- Ankouraje yo eksplòre divès wout re-entegrasyon sosyal tankou : retounen lekòl, retounen si posib nan fanmi yo, oubyen swa viv nan yon gwoup swa lwe yon kay ansanm, reyalize yon aktivite ekonomik, aprantisaj epi devlope yon metye, eks.
- Devlope konsyans sosyal jèn yo.

Pou ki moun atelye yo fèt?

An jeneral atelye yo fèt pou jèn yo (timoun, adolesan fi kou gason, jèn pi aje), men, an premye pou jèn ki ap viv gwo difikilte ekonomik nan lavi a. Konsa, atelye yo vize an premye jèn ki patikilyèman an danje akòz sitiyasyon yo. Se tankou jodi a, jèn ki sou menas vyolans gang ak zam yo depi gouvènman *Tèt kale* a te rive sou pouvwa a, oubyen jèn gang yo swa deja rekrite swa riske rekrite.

Atelye yo kapab resevwa jèn ki genyen soti 10 pou rive 25 lane sou tèt yo. Ideyalman, jèn yo regwoupe selon diferan nivo laj yo. Konsa, ap genyen chak gwoup fòmè apa pou timoun yo, adolesan yo, jèn pi aje yo.

Fi ak gason yo kapab reyini nan yon menm gwoup. Lè sa posib, melanj sa a parèt pi enteresan pou favorize travay sou objektif sikososyal yo nan seri atelye yo.

Gwosè gwoup la

Gwoup la ki akonpaye nan atelye yo pa dwe ni twò piti ni twò gwo. Li pi bon si se se yon gwoup ki gen 15 moun konsa. Men gwoup la ka gen ant 10 pou rive 20 moun konsa.

Moun ki kapab anime atelye yo?

Se yon ekip de (2) moun ki fè animasyon atelye akonpayman sikososyal yo avèk sik-akwobatif la. Ekip la fòmè avèk yon entèvenan sikososyal fanm ou gason -f/g- (travayè sosyal oubyen entèvenan pwofesyonèl) epi yon monitè (f/g) sik-akwobatif sosyal.

Chak de (2) manm yo nan ekip la gen yon wòl espesifik pandan youn ap konplete lòt nan tavya la nan respè ak tèt-ansanm.

Yon espas fizik ki adapte selon reyalyte ak kontèks aktyèl peyi a epi ki konvab pou atelye sik-akwobatif yo

Atelye sik-akwobatif sosyal yo dwe fèt nan yon espas ki ase gran epi an sekirite.

Li preferab pou chwazi yon espas deyò, ki plis posib fèmen pou asire sekirite jèn yo epi konsève yon sèten entimite. Avan chak seyans fò espas la enspekte pou evite genyen ladan ti bagay oubyen fatra ki kapab yon danje.

Materyèl pou sik-akwobatif

Reyalizasyon atelye akonpayman sikososyal yo avèk sik-akwobatif la sipoze fèt avèk yon baz materyèl espesyal. Se monitè (f/g) a ki ap chwazi materyèl la nan kolaborasyon avèk

entèvenan sikososal (f/g) la. Chwa a ap fèt tou an fonksyon resous ki disponib, kèk espesyalite monitè (f/g) a epi konpozisyon gwoup jèn yo.

Pou endikasyon, baz materyèl la kapab genyen : kèk ti bal pou jogle, kèk gwo bal, kèk kiy, kèk baton-flè pou jogle, eks.

Pi souvan se avèk mwayen atizanal yo fabrike materyèl sik-akwobat paske nou pa toujou gen kòb tou pou achte materyèl aletranje ki vann chè anpil.

Dire ak repetisyon atelye yo

Se sou plizyè seyans atelye akonpayman sikososal yo avèk sik-akwobat la dewoule.

Ideyalman se total yon kenzen seyans ki pou planifye. Lè sa posib, se prevwa 2 al 3 seyans chak semèn.

An plis, swivan kondisyon yo, yon sesyon avèk yon dizèn seyans (mwens tou nan sèten ka) kapab anvizaje.

Antouka, chak seyans (atelye) ap dire anviwon twa zè. Souvan li difisil pou jere finisman chak etelye yo, paske jèn yo toujou anvi kontinye. Yo chache tout kalite pretèks pou rete nan espas la. Lè kondisyon yo pèmèt li epi si yon manm ekip animasyon an disponib, li posib pou pèmèt jèn yo kontinye amize yo nan espas atelye yo.

Antant sou kondisyon pou nou viv ansanm pandan atelye yo

Nan premye seyans atelye a patisipan (f/g) yo dwe reflechi ansanm epi antann yo sou plizyè règleman ki pral pèmèt lavi ansanm pandan atelye yo.

Pou kòmanse ekip akonpayman an kapab idantifye plizyè atant epi baz règleman ki nesesè pou bon fonksyonman atelye yo. Apre sa yo pral mande jèn yo kòmante règleman yo epi petèt nonmen ki atant yo konsidere pi enpòtan pou byen antann nan gwoup la.

Se mennen jèn yo antann yo ansanm sou prensipal eleman pou antant nan lavi ansanm pandan atelye yo.

Kèk eleman moralite

Konsènan jèn yo, sitou sa ki minè yo toujou, sik-akwobat sosyal la soulve plizyè kesyon delika ki mande vijilans ekip akonpayman an. Menm si kèk nouvo kesyon ak defi ka parèt pandan atelye yo, fò idantifye sèten ladan yo tousuit.

An reyalite, sik-akwobat sosyal la se yon aktivite kote plizyè moun reyini. Zafè moun ki ap manyen moun toujou prezan. Kidonk, li pa posib pou pa gen kontak fizik. Sa ka rive, lè monitè (f/g) a ap akonpaye yon mouvman oubyen lè plizyè jèn ap pratike ansanm. Depi

premye rankont lan, pou evite kèk malantandi oubyen derapaj posib, li enpòtan pou ekip entèvansyon an klarifye limit kontak fizik yo ki dwe fèt nan yon bi presi, pou reyalize yon mouvman oubyen fòm chema yon nimewo.

Yon lòt kalite kesyon konsène otorizasyon pou patisipe nan atelye yo, nan ka yon jèn minè. Fò yon paran siyen yon fòmilè pou konfime otorizasyon pou patisipe avan premye atelye a.

Fò gen règleman pou sèvi avèk imaj yo (foto epi videyo) ki pran pandan atelye yo.

Konsa, premyèman, chak jèn patisipan epi yon paran dwe siyen yon fòmilè pou otorize itilize, sou kondisyon, foto yo ki pran pandan atelye yo, sèlman pou kèk aktivite rechèch epi vizibilite sik-akwobat sosyal la an Ayiti.

Dezyèman, ekip entèvansyon an dwe sansibilize jèn patisipan nan atelye yo sou enpòtans sèvi byen kòrèkteman avèk foto epi videyo jèn yo pran yomenm. Patikilyèman fò jèn patisipan yo sansibilize sou enpòtans entèdiksyon gaye nan rezo sosyo yo imaj ki ta pèmèt idantifye vizaj yon moun.

2. Etap yo ak dewoulman chak rankont atelye

Chak rankont atelye, ki dire anviwon 3 zè, òganize avèk yon menm seri etap; chak nan etap sa yo gen enpòtans epi wòl li nan akonpayman jèn patisipan yo.

De (2) manm ekip akonpayman an prezan pandan tout etap atelye a.

Etap 1. Premye wonn echanj yo

Pou kòmanse atelye a, mande jèn yo chita an won (sèk) avèk de (2) manm ekip akonpayman an. Premye won echanj lan pou louvri chak atelye pèmèt pataj sou: 1- ki jan chak patisipan vini nan seyans atelye sik-akwobas sosyal sa a (sante li, preparasyon li pou patisipe nan atelye a...), 2- jounen li pase avan yo, 3- divès sa li swete pou seyans sa a. Se okazyon tou pou manm ekip akonpayman an retounen sou kèk bagay ki te obsève pandan atelye avan an (entèraksyon yo nan gwoup la, konpòtman epi oubyen pawòl deranjan yo...)

Nan premye seyans seri atelye yo, sèk echanj pou kòmanse a pèmèt tou pou chak moun prezante tèt li, fè premye konesans avèk lòt patisipan yo epi avèk ti ekip animasyon an. Si ekip akonpayman an estime sa kòrèk, li kapab envite chak jèn di yon mo sou atant li yo epi youn oubyen de (2) objektif li swete realize pandan atelye yo.

Sèk echanj premye seyans lan se okazyon tou pou ekip akonpayman an poze plizyè règleman fonksyonman epi tou mande jèn yo antann yo kolektivman sou kèk prensipal eleman yon antant pou lavi ansanm pandan atelye yo.

Etap 2. Rechofman

Sik-akwobas ki reyalize nan atelye yo se yon pratik ki mande efò fizik, ajilite, rezistans epi kowòdinasyon. Konsa se yon ekzèsis fizik ki mande pou prepare kò a. Se bi dezyèm etap sa a kote yo pratike kèk ekzèsis fizik pou prepare kò a epi ba li yon sèten elastisite pou aktivite apre yo. Epitou, etap sa a kreye yon sèten dispozisyon lespri a, yon sèten motivasyon pou reyalize yon bon atelye.

Etap 3. Jwèt

Apre yon bon rechofman, kèk jwèt pratike alafwa pou amizman, anbake nan seyans lan epi diminye kèk tansyon.

Sèten jwèt kapab chwazi an fonksyon sa ekip akonpayman an te obsève avan (nan menm atelye a oubyen nan yon seyans avan) epi oubyen an fonksyon sa ki te pale nan sèk echanj yo (nan menm seyans lan epi oubyen nan kèk seyans avan). Konsa, jwèt sa a se yon espas aprantisaj oubyen re-aprentisaj pou jèn yo epi nan relasyon yo avèk lòt moun.

Etap 4. Manyen materyèl la epi akwobasi ak kreyasyon

Se etap pou aprann konnen, dekouvri epi eksperimente materyèl sik-akwobasi ki disponib. Se etap tou pou abitye avèk pratik akwobasi a. Jèn yo pwofite tou pou eksplòre kreyasyon kèk mouvman epi fòm chema, swa nan dirèkteman akwobasi swa avèk materyèl sik-akwobat.

Pou kòmanse nan premye seyans lan, monitè (f/g) sik-akwobat sosyal la ap prezante ansanm materyèl disponib la pou patisipan yo, epi li ap fè demonstrasyon sa ki posib avèk chak akseswa oubyen enstriman (parekzanp sa ki posib avèk kèk bal). Li prezante epi ekzekite kèk fòm chema akwobasi.

Aprè sa, chak patisipan envite pou touche epi eseye akseswa sik-akwobat yo. Monitè (f/g) a kapab prevwa yon moman pou jèn yo inisyè kolektivman nan sèvi avèk chak akseswa disponib yo. Aprantisaj akwobasi a ap fèt nan kèk jwèt an gwoup.

Etap sa a nesesè epi esansyèl pou inisyasyon avèk abitud materyèl la epi fòm chema yo. Aprè sa pandan swit atelye yo, jèn yo ap kapab pèfeksyone yo epi kreye kèk nimewo spektak endividyèlman epi an gwoup pou gwo spektak final la.

Konsa, pandan diferan seyans atelye yo, patisipan yo ap genyen posiblite metrize epi amelyore aprantisaj yon enstriman (parekzanp kèk bal pou jangle) oubyen yon fòm chema akwobasi, avèk okazyon eksperimente plis pase yon enstriman oubyen fòm chema akwobasi.

Antouka, nan etap sa a chak patisipan dwe gen bèl okazyon pou pwogrese nan aprantisaj teknik li yo.

Etap 5. Dènye wonn echanj yo

Se etap pou rezime atelye jounen an. Chak patisipan envite pou pran lapawòl. Jèn yo ap di kouman yo santi yo, ki sa yo te fè, apresyasyon sa yo te plis oubyen mwens renmemn, pou koreksyon nesesè nan direksyon ki swete epi ankouraje bon pratik lavi ansanm.

Se moman tou pou pwofite diskite sou kèk konpòtman ki kapab te deranje pandan atelye a, epi sou tout sa ki ede avanse ansanm oubyen jennen gwoup la. Parekzanp, si kèk konpòtman agresivite oubyen vyolans te konstate pandan atelye a, ekip akonpayman an a retounen sou ensidan yo epi louvri yon refleksyon epi yon echanj konstriktif sou kesyon an (kouman ni pèsonèlman ni gwoup la viv yo, epi ki sa ni pèsonèlman ni gwoup la kapab fè pou evite vyolans nan atelye yo...)

Etap 6. Benyen oubyen fè twalèt

Aprè chak atelye yo, patisipan (f/g) yo envite pou lave men yo, figi yo epi, selon enstalasyon disponib yo, lave rès kò yo. Se pou retire swè, pwopte epi rafrech kò a avan yo retounen lakay.

Etap 7. Goute a

Se yon etap pou pwofite yon moman ki vo anpil pou pataje yon goute ansanm avan retounen lakay. Selon sitiyaasyon jèn yo, goute a kapab fèt nan yon lòt moman. Li kapab lè ouvèti seyans atelye a, si ekip animasyon an konstate jèn yo pa te genyen posiblite pou te byen manje avan yo vini.

3. Zouti swivi yo nan demach gwoup la epi cheminman chak jèn

Ekip akonpayman an ap toujou atantif alafwa pou demach gwoup la epi cheminman chak jèn pandan tout seri atelye yo.

Konsa, ekip la ap sèvi avèk diferan zouti suivi:

Rankont yo nan ekip akonpayman an

Rankont sa yo fèt apre chak atelye. Chak manm ekip la pataje obsèvasyon li yo konsènan: dabò dinamik gwoup la, entèraksyon epi evolisyon yo, epi dezyèmman chak jèn patisipan nan atelye a. Obsèvasyon yo sou chak jèn anrejistre nan yon kaye nòt. Epitou, rankont sa yo pèmèt deside kèk oryantasyon pou pwochen atelye a.

Kaye nòt ekip akonpayman an

Kaye nòt la pèmèt reyalize yon swivi regilyè patisipasyon epi evolisyon chak jèn pandan atelye a. Kaye a konplete apre chak seyans pou chak jèn. Se ladan genyen kèk obsèvasyon de (2) manm ekip la ekri konsènan kèk divès eleman sou konfyans pèsònèl, entèraksyon yo avèk lòt jèn yo epi avèk manm akonpayman an, respè pou konsiy yo, abiltè ak defi teknik yo, eks.

Kaye nòt la genyen ladan tou nòt epi rekòmandasyon yo pou chak jèn apre chak atelye sik-akwobatif sosyal (tout sa note epi enskri pou swivi a).

Dosye chak patisipan (f/g)

Dosye patisipan an pa menm bagay ak kaye nòt ekip entevansyon an. Kaye nòt la rasanble kèk nòt sou pwogresyon chak jèn nan atelye yo. Se pou travay entèvenan yo. Dosye pèsònèl la limenm, se pou chak patisipan. Li kenbe enfòmasyon pèsònèl (laj, eskolarizasyon,...) epi sou pwofil famiyal chak patisipan (f/g).

4. Espektak final la : preparasyon an epi evènman an

Depi premye atelye a, jèn yo enfòm ap genyen yon espektak final ki ap òganize epi li ap posib pou yo envite kèk moun pami fanmi avèk/ou zanmi yo. Lè kondisyon yo epi espas la pèmèt sa, li kapab posib pou espektak la louvri pou kominote a.

Pou jèn patisipan yo nan atelye sik-akwobat sosyal yo, pwojè espektak la se yon ankourajman pou yo byen angaje nan seyans yo epi travay an kolaborasyon avèk lòt jèn yo epi ekip akonpayman an.

Preparasyon espektak final la limenm kapab kòmanse apre kèk seyans atelye, swa avèk abitud manipile yon pati materyèl sik-akwobat swa avèk reyalizasyon kèk fòm chema akwobatik.

Espektak final la kapab prepare pou okazyon yon fèt (tankou pou fèt manman yo) oubyen avèk yon tèm. Nan bay jèn patisiapan yo inisyativ pou chwazi, yo kapab deside yon espektak plis lib, san okenn tèm presi. Antouka, jèn yo ap dwe antann yo sou yon pwopozisyon pou espektak la: avèk oubyen san tèm jeneral, fòm chema yo, anchènman yo, mizik, kostim, makijaj, eks.

Espektak final pou seri atelye sik-akwobat sosyal la kapab dewoule nan menm espas la kote atelye yo òganize a. An plis, si kondisyon yo pèmèt sa, li ap kapab prezante nan yon espas pi louvri nan kominote a.

Li posib pou dekore espas espektak final la pou ba li yon aparans fèt. Ap genyen mizik. Si kondisyon yo pèmèt li, ap genyen yon goute oubyen yon bon manje ansanm.

5. Aktivite atizanal fabrikasyon materyèl sik-akwobat

Pandan youn nan seyans atelye yo, ekip akonpayman an kapab òganize yon aktivite atizana pou fabrike materyèl sik-akwobat. Sa ap pèmèt jèn yo non sèlman inisye nan atizana fabrikasyon materyèl la, epitou konsève materyèl la apre atelye yo fini. Konsa, li ap posib pou kontinye pratike sik-akwobat si yo vle lakay yo oswa nan katye yo ak zanmi.

Konsa, an previzyon aktivite fabrikasyon sa a, jèn patisipan nan atelye yo ap kontribye pou ranmase diferan bagay tankou: (boutèy plastik, sab, tep, eks.)

ANÈKS

FÒMILÈ NIMEWO 1

OTORIZASYON POU PITIT MWEN PATISIPE NAN ATELYE SIK-AKWOBAT SOSYAL YO

KOTE ATELYE YO AP FÈT (EKIP AKONPAYMAN AN POU KONPLETE):

DAT YO AK LÈ ATELYE YO (EKIP AKONPAYMAN AN POU KONPLETE):

**MWEN SIYEN FÒMILÈ SA A POU KONFIME MWEN OTORIZE PITIT MWEN KI POTE
NON AK SIYATI :**

**KI FÈT NAN DAT : _____ POU PATISIPE NAN ATELYE SIK-
AKWOBAT SOSYAL NAN DAT AK LÈ KI EKRI NAN FOMILÈ SA A.**

NON PARAN AN KONPLÈ

SIYATI PARAN AN

NON ENTÈVENAN (F/G) AN KONPLÈ
KONPLÈ

SIYATI ENTÈVENAN (F/G) AN

LOKALITE : _____

DAT : _____

FÒMILÈ NIMEWO 2

OTORIZASYON AK KONDISYON POU ITILIZE IMAJ AK VIDEYO KI PRAN PANDAN DEWOULMAN ATELYE SIK-AKWOBAT SOSYAL YO

KOTE ATELYE YO AP FÈT (EKIP AKONPAYMAN AN POU KONplete):

DAT AK LÈ ATELYE YO (EKIP AKONPAYMAN AN POU KONplete):

MWEN SIYEN FÒMILÈ SA A POU KONFIME MWEN ASEPTE YO PRAN KÈK FOTO PANDAN ATELYE SIK-AKWOBAT SOSYAL YO KOTE PITIT MWEN

_____ (NON JÈN (F/G LAN) KA
PARÈT, POU FÈ RECHÈCH EPI BAY VIZIBILITE AKTIVITE SIK-AKWOBAT SOSYAL
YO.

NON JÈN LAN KONPLÈ

SIYATI JÈN LAN

NON PARAN AN KONPLÈ

SIYATI PARAN AN

LOKALITE : _____

DAT : _____

Pou plis enfòmasyon epi kontak :

irdele.lubin@umontreal.ca
irdelelubin@gmail.com